

Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, Champ-de-Mars, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I.)

Tél. : (509) 3701-2232 / 3701-2215 / 3388-7304

e-mail : ceh56@hotmail.com / URL : <http://eglisecatholiquedhaiti.org>

Kominakasyon Konferans Evèk Katolik Peyi Dayiti yo

Frè m ak sè m yo,

Konferans Evèk Katolik Peyi Dayiti yo, atravè Sekretarya Pèmanan an, salye nou nan kè kontan fèt Pak la ak lesperans!

Nou konnen Legliz la, tankou anpil lòt sektè nan peyi a, frape ak pwoblèm kidnapping nan. Depi kenz (15) jou, frè ak sè nou yo nan men kidnapè pandan yo ta prale nan sèvis BonDye. Se tout moun kap souffri pou sa k ap pase Peyi a, e patikilyèman Legliz la.

Konferans Evèk yo di tout moun ki soti nan tout sektè lavi peyi a mèsì pou leve kanpe yo fè ak Legliz la pou mande liberasyon frè ak sè nou yo. Kat (4) nan yo deja jwenn liberasyon yo e nap kontinye mande liberasyon lòt yo ak tout lòt moun yo kenbe an otaj. Menm jan an tou, Evèk yo mande :

- 1) Pou tout enstitisyon katolik yo reprann aktivite nòmal yo.
- 2) A midi, pandan klòch ap sonnen nan tout legliz yo, fè yon kanpe pou nou lapriyè pandan nap sonje moun yo kidnape yo.
- 3) Kenbe flanbo lapriyè a jiskaske nou jwenn chanjman toutbon Peyi a bezwen an.
- 4) Kontinye rete an kominyon ak Legliz la epi swiv tout oryantasyon Evèk yo nan jou k ap vini yo.

Pandan nap kontinye lage koz nou yo nan men Manman Pèpetyèl Sekou, nap mande Jezi Bon Gadyen an pou li veye sou nou, gide nou, delivre nou. Se pou Bondye Lavi a beni nou!

Sekretarya Pèmanan CEH

